DEWAN DA'WAH
KABUPATEN BANTUL

Naskah
Khutbah Jum'at

Dewan Da'wah Bantul



Rekening Donasi Dakwah
BSI BANK SYARIAH INDONESIA
899 0000 997
a.n. Dewan Dakwah Bantul

Khutbah Jumat
DEWAN DA'WAH KAB. BANTUL

Edisi : 0047/Tahun VI/ 2026 *20 November 2026 M/ 11 Jumadil Akhir 1448 H*

Papat Tingkatan Nikmat

Khutbah I

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ وَكَفٰى، وَسَلاَمٌ عَلٰى عِبَادِهِ الَّذِيْنَ اصْطَفٰى. أَشْهَدُ أَنْ لاَ إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ. وَأَشْهَدُ أَنّ مُحَمّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ لاَ نَبِيَّ بَعْدَهُ. اَللّٰهُمّ صَلّ وَسَلّمْ عَلٰى مُحَمّدٍ وَعَلٰى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلٰى يَوْمِ الدّيْن

اَمَّا بَعْدُ. فَيَا عِبَادَ اللّٰهِ, أُوْصِيْكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللّٰهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ. قَالَ اللّٰهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيْمِ، أَعُوْذُ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ. يَاأَيّهَا الّذَيْنَ آمَنُوْا اتّقُوا اللّٰهَ حَقّ تُقَاتِهِ وَلاَ تَمُوْتُنَّ إِلاّ وَأَنْتُمْ مُسْلِمُوْنَ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُواْ اسْتَجِيبُواْ لِلَّهِ وَلِلرَّسُولِ إِذَا دَعَاكُم لِمَا يُحْيِيكُمْ وَاعْلَمُواْ أَنَّ اللّٰهَ يَحُولُ بَيْنَ الْمَرْءِ وَقَلْبِهِ وَأَنَّهُ إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kita tansah nyenyuwun amrih pinaringan pitedah ing margining gesang ingkang leres lan jejeg. Saben

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

dinten watawis kaping pitulas (17) kita ngaturaken mekaten lumantar ibadah shalat fardhu gangsal (5) wekdal ingkang wonten ing waosan serat al Fatihah.

اهدِنَـــــا الصِّرَاطَ المُستَقِيمَ

"Pitedahno kawula ing margi ingkang leres / jejeg,"

صِرَاطَ الَّذِينَ أَنعَمتَ عَلَيهِمْ غَيرِ المَغضُوبِ عَلَيهِمْ وَلاَ الضَّالِّينَ

"(inggih menika) marginipun tiyang-tiyang ingkang sampun Padukoa paringi nikmat; sanes marginipun tiyang-tiyang ingkang nampi bebendu lan sanes ingkang sasar "

Margi jejeg ingkang dipun pingini menika saestu gamblang lan cetha gegambaranipun, inggih menika marginipun para tetiyang ingkang sampunnampi nugraha nikmat saking Allah ﷻ. Tetiyang kasebat minangka patuladhan utawi conto nyata ingkang gampil dipun tiru. Kita mbetahaken wontenipun guru ing salebeting panggesangan, mboten namung kanthi ngarang utawi angen-angen ingkang ampang lan tanpa dhedhasar.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Para tetiyang patuladhan menika minangka piyantun ingkang sampun nampi kanugrahan nikmat

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

saking Allah, mboten namung wujud karemenan ingkang cekak (cupet) kanthi nuruti hardaning hawa nepsu, kadosdene dipun isyarataken ing dhawuh pangendikanipun Allah ing Al-Qur'an:

وَمَن يُطِعِ اللَّهَ وَالرَّسُولَ فَأُوْلَـئِكَ مَعَ الَّذِينَ أَنْعَمَ اللَّهُ عَلَيْهِم مِّنَ النَّبِيِّينَ وَالصِّدِّيقِينَ وَالشُّهَدَاء وَالصَّالِحِينَ وَحَسُنَ أُولَـئِكَ رَفِيقاً

"Lan sapa wong kang ta`at marang Allah lan Rasul, mangka dheweke bakal bebarengan kelawan wong-wong kang nampa kanugrahan nikmat sangka Allah yaiku sangka golongane para Nabi, para shiddiiqiin, para syuhada' lan para shalihin. Lan wong-wong iku minangka sabecik-becike kanca." (QS An Nisa: 69).

Tiyang ingkang taat dhumateng Allah lan rasul, bakal pinaringan kanugrahan nampi nikmat sesarengan kaliyan sekawan golongan tingkatan, inggih menika kanikmatan ingkang dipun gayuh dening para Nabi, para shidiqin, para syuhada' lan para tiyang shaleh.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Para Nabi kagungan jejibahan agung kagem dakwah, nenuntun umat manungsa amrih saget iman, lan ngadhepi para tetiyang ingkang mepalangi piwucal agami kanthi kebak ing bebaya.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Dene para shidiqin inggih menika tetiyang ingkang ngleresaken kanthi sampurna, ing perkawis agaminipun Allah, kitab-kitab, lan para Rasul-ipun, lan tetiyang menika dados tetunggulipun pendherek para nabi. Menika tingkatanipun para sahabat lan para panyengkuyung awal piwucal Islam.

Syuhada' inggih menika para pejuang bebener ingkang nggadhahi jiwa kaprawiran kanthi ngorbanaken jiwaraganipun kagem madeg jejegipun agami lan piwucal ingkang leres , lan nalika gugur kasebat mati syahid.

Dene para shalihin inggih para tiyang iman ingkang gesangipun tansah mbudidaya saget ngamal tumindak amal shaleh modherek kalenggahan, wewenang menapa dene kabisanipun piyambak. Gegayuhan ing gesangipun namung kepingin kathah ngamal shalih, gegancangan tumindak sae.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Menapa ing sanesipun kenikmatan werni sekawan menika taksih wonten wujud nikmat sanes ? Temtu kemawon taksih wonten. Nanging nikmat tingkatan langkung asor tinimbang ingkang dipun gayuh dening tiyang shaleh. Inggih menika nikmat ingkang

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

kacampuran kanthi syahwat, bandha kadonyan, raos takabur lan malah sinartan tindak maksiat.

Pinten kathahipun tiyang ingkang rumaos sampun cekap lan marem kanthi nggayuh karemenan jabatan, moncering arta bandha utawi kondhangipun asma awit pendherek ingkang sami ngalembana; nanging ing bab sanes malah nilar jatidhiri kamanungsanipun minangka kawulanipun Allah.

Wonten saweneh tiyang ingkang karemenanipun namung dumunung ing perkawis dhahar lan ngunjuk jalaran nuruti "syahwat ilat" kanthi ngicip pasugatan ingkang mirasa. Bab menika dipun sebataken dening Allah ing firmanipun:

وَالَّذِينَ كَفَرُوا يَتَمَتَّعُونَ وَيَأْكُلُونَ كَمَا تَأْكُلُ الْأَنْعَامُ وَالنَّارُ مَثْوًى لَّهُمْ

"Lan wong-wong kafir iku padha seneng-seneng (ing ndoya) lan padha memangan kayadene mangane kewan-kewan. Lan neraka minangka papan panggonan tumrap dheweke." (Qs. Muhammad: 12)

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kita nyuwun reksa dhumateng Allah saking sifat lan pepinginan ngupadi kanikmatan ingkang namung

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

cupet lan mekaten asor ajinipun. Sebab ingkang mekaten namung badhe nelasaken wekdal lan tenaga kita kagem nggayuh kanikmatan gesang ingkang linangkung inggil derajatipun. Allah paring pemut ing kita amrih tumindak kanthi ngatos-atos:

وَلَقَدْ ذَرَأْنَا لِجَهَنَّمَ كَثِيراً مِّنَ الْجِنِّ وَالإِنسِ لَهُمْ قُلُوبٌ لاَّ يَفْقَهُونَ بِهَا وَلَهُمْ أَعْيُنٌ لاَّ يُبْصِرُونَ بِهَا وَلَهُمْ آذَانٌ لاَّ يَسْمَعُونَ بِهَا أُوْلَـئِكَ كَالأَنْعَامِ بَلْ هُمْ أَضَلُّ أُوْلَـئِكَ هُمُ الْغَافِلُونَ

"Lan yekti Ingsun Allah ndadek-ake isine neraka Jahannam akeh-akehe sangka bangsane jin lan manungsa, dheweke nduwe ati, nanging ora kanggo nggatek-ake (ngrasa-ake ayat-ayat Allah) lan dheweke nduwe mripat, nanging ora kanggo ndeleng (tanda-tanda kuwasane Allah), lan dheweke nduwe kuping, nanging ora kanggo ngrungok-ake (ayat-ayate Allah). Wong-wong mau kayadene kewan ingon; malah-malah luwih sasar maneh. Kang mengkono iku klebu golongane wong kang padha lena." (Qs. Al A'raf: 179)

Wonten tiyang ingkang pados kanikmatan utawi karemenan nanging nuwuhaken gangguan tumrap tiyang sanes. Mekaten ugi kathah tiyang ingkang pados karemenan ingkang njalari panandhang lan kasangsaran tiyang sanes. Malah mboten namung

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

nemahi ing tiyang setunggal lan kalih, nanging ngantos dumugi ewonan tiyang cacahipun!

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Tumrap tiyang iman, raos kabingahan bakal dipun tampi nalikanipun saget minangkani dhawuh timbalanipun Allah lan rasulipun. Mboten kanthi cara namung 'mligi' pados karemenan ing tumindak ropyan-ropyan utawi pesta.

Sebab, menapa kemawon ingkang kita tindakaken ing salebeting gesang menika amrih saget dados bukti utawi tandhanipun iman lan amal kita ingkang paling sae. Allah ﷻ paring firman:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُواْ اسْتَجِيبُواْ لِلّهِ وَلِلرَّسُولِ إِذَا دَعَاكُم لِمَا يُحْيِيكُمْ
وَاعْلَمُواْ أَنَّ اللّهَ يَحُولُ بَيْنَ الْمَرْءِ وَقَلْبِهِ وَأَنَّهُ إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ

"He wong-wong iman, padha tindakno dhawuh timbalane Allah lan Rasul nalikane sira tinimbalan, tumuju marang perkara kang ndadekake panguripanmu luwih aji, lan mangertia, menawa yekti Allah kang mbatesi tumrap manungsa kelawan atine, lan yekti mung ing ngersane Allah, sira bakal tinimbalan" (Qs. Al Anfal: 24)

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Conto gampil kemawon, nalika kita nindakaken shalat pramila bakal tuwuh raos lega lan bingah, jalaran kita rumaos sampun masrahaken sedaya perkawis gesang kita dhumateng Allah ingkang nguwaosi alam jagat raya menika. Nanging kahanan ingkang mekaten tumrap tiyang ingkang dereng iman dipun raos sesanggan (beban) ingkang awrat; sebab saben dinten kedah bolak-balik kendel saking ngurusi kadonyan kangge shalat fardhu gangsal wekdal.

Mekaten ugi ing ibadah sanes, kadosdene puasa ramadhan, zakat utawi haji. Tumrap tiyang mukmin, nalika saget nindakaken pramila bakal tuwuh raos kabingahan ingkang mboten wonten batesipun, malah senadyan kedah ngedalaken ragat bandha ingkang ageng, lan nanggel raos sayah utawi pegel ingkang sanget.

Tumrap tiyang iman, gesang ing ndonya menika mboten namung kagem pados karemenan, nanging papan kagem ngamal lan nyambut damel ingkang sae, lan mbenjang bakal dipun panen hasilipun nalika ing dinten akhir.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

الَّذِي خَلَقَ الْمَوْتَ وَالْحَيَاةَ لِيَبْلُوَكُمْ أَيُّكُمْ أَحْسَنُ عَمَلاً وَهُوَ الْعَزِيزُ الْغَفُورُ

"(Panjenengane Allah) Kang ndadek-ake mati lan urip, supaya Panjenengane paring pacoban tumrap sira, sapa ing antarane sira kang luwih becik amal tumindake. Lan panjenengane Maha Prakosa lan Maha Paring pangapura." (Qs. Al Mulk: 2)

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kita kedah emut bilih gesangipun tiyang muslim menika inggih namung kagem pados ridho lan katresnanipun Allah ﷻ.

قُلْ إِنَّ صَلاَتِي وَنُسُكِي وَمَحْيَايَ وَمَمَاتِي لِلّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

"Ucapno: "Saestunipun shalat kawula, ibadah kawula, gesang kawula lan pejah kawula namung kagem ngumawula dhumateng Allah, sesembahanipun sa-ngalam ndonya," (Qs. Al An'am: 162).

Menika-lah dunungipun kanikmatan gesang ingkang sejati. Pramila, sumangga kita sami menggalih ingkang saestu wening: nikmat gesang ingkang kados menapa ingkang pingin kita upadi menawi sanes ingkang mekaten ?

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Cekap semanten khutbah ing siang menika, mugi manfaat. Amiin.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيْمِ، وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ. أَقُوْلُ قَوْلِيْ هذا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ لِيْ وَلَكُمْ

Khutbah II

اَلحَمْدُ للهِ الّذي هَدَانَا سُبُلَ السّلاَمِ، وَأَفْهَمَنَا بِشَرِيْعَةِ النَّبِيّ الكَرِيمِ، اَشْهَدُ اَنْ لاَ اِلهَ اِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ وَاَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ. وَالصَّلاَةُ وَالسَّلاَمُ عَلَى أَشْرَافِ الأَنْبِيَاءِ وَالمرْسَلِيْنَ نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِيْنَ. فَيَا اَيُّهَا النَّاسُ اِتَّقُواالله فِيْمَا أَمَرَ وَانْتَهُوْا عَمَّا نَهَى وَزَجَر. وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللهَ وَمَلآئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِي يآ اَيُّهَا الَّذِيْنَ آمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا. اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيْمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيْمَ. وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيْمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيْمَ، إِنَّكَ حَمِيْدٌ مَجِيْدٌ. اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ الأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيْعٌ قَرِيْبٌ مُجِيْبُ الدَّعَوَاتِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا اَنْفُسَنَا وَاِنْ لَّمْ تَغْفِرْ لَـنَا وَتَرْحَمْنَا

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

لَـنَكُوْنَنَّ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ. اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الْهُدَى وَالتُّقَى وَالعَفَافَ وَالغِنَى. أَللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلاَمَ وَالْمُسْلِمِيْنَ، وَأَهْلِكِ الْكَفَرَةَ وَالْمُبْتَدِعَةَ وَالْمُشْرِكِيْنَ أَعْدَائَكَ أَعْدَاءَ الدِّيْنِ. اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ حُسْنَ الْخَاتِمَة.

رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَإِسْرَافَنَا فِي أَمْرِنَا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ. رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَاما. رَبَّنَآ اٰتِنَا فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً وَّفِى الْاٰخِرَةِ حَسَنَةً وَّ قِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ للهِ رَبِّ العَالَمِيْنَ

Group WhatsApp :

https://chat.whatsapp.com/LLH6iduekXrCVt4tsszX7I

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul